

## **VAKSINASYON POU TOUT MOUN**

### **+ Vaksen Kont Grip**

### **+ Dòz Pfizer pou timoun**

- Premye ak Dezyèm Dòz yo
- Lòt Dòz Seri Prensipal pou Moun ki Iminodeprime yo
- Vaksen Rapel Pou Moun ki Gen 12 Làn epi ki pi Gran
- Yon tyè fòs nan Dòz pou Granmoun yo

### **Disponib nan nenpòt nan lopital nou yo**

Avèk COVID-19 epi sezon grip la ki rive ansanm lan, li vin pi enpòtan jounen jodia pou w pwoteje tèt ou ak timoun ou yo pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 la ak vaksen kont grip la san danje epi yo bon anpil nan redui ris pou ou malad, etène epi menm mouri.

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 ak kont grip menm moman an san w pa peye yon goud.

Aprann plis sou ki vaksen ki bon pou ou. Eskane kòd QR la oswa rele nan **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692).

Aprann plis sou  
vaksen kont  
COVID-19 yo



Aprann plis sou  
vaksen kont  
grip lan



# Kiyès Ki Dwe Pran vaksen kont Grip ak vaksen kont COVID-19?

## Vaksen kont Grip (Influenza)

Tout moun ki gen sis mwa oswa pi plis dwe pran vaksen kont grip sezonye a chak ane, espesyalman:

- + Timoun ki gen mwens pase 2 lène
- + Moun ki gen plis pase 65 lène
- + Fanm ki ansent oswa ki fenk sot akouche
- + Moun ki gen maladi tankou dyabèt (sik), opresyon, maladi kè oswa VIH
- + Travayè esansyèl yo, tankou travayè nan domèn sante ak moun k ap bay lòt moun swen ki gen gwo ris pou yo tonbe malad yo. Moun k ap okipe timoun yo espesyalman timoun ki gen mwens pase sis mwa, dwe pran vaksen kont grip la tou.

## Vaksen Kont COVID-19

Pifò moun kalifye kounya pou yo pran vaksen kont COVID-19:

- + Moun ki gen 5 pou rive 11 lène yo ka pran de dòz pou timoun (yon tyè nan fòs) Pfizer-BioNTech lan.
- + Moun ki gen 12 lène epi ki pi gran yo ka pran de dòz vaksen nan Pfizer-BioNTech la.

## Lòt Dòz prensipal seri vaksen Pfizer kont COVID-19 la

Lòt dòz nan seri prensipal yo disponib pou moun ki pran dezyèm dòz vaksen kont COVID-19 yo a sa gen pou pi piti 28 jou epi ki gen yon sistèm iminitè ki fèb akòz yon tretman oswa yon maladi. Tankou:

- + Trètman Aktif Kont Kansè
- + Grèf ògan ak medikaman ki redwi fòs sistèm iminitè a
- + Grèf selil souch pandan 2 dènye ane yo
- + Defisi iminitè primè oswa grav
- + VIH avanse oswa ki pa trete
- + Trètman aktif ak yon dòz kòtikostewoyid byen wo ak lòt medikaman ki afebli sistèm iminitè yon fason modere oswa grav.

Ou dwe gen 5 lène oswa plis pou w ka resevwa lòt dòz seri prensipal Pfizer a. Yo pa rekòmande lòt dòz nan seri prensipal la pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt, maladi kè oswa maladi nan poumon.

## Moun k ap pran Dòz Vaksen Rapèl Pfizer ak Moderna kont COVID-19 yo

Tout moun ki gen 12 lène oswa plis ta dwe pran yon vaksen rapèl pou pi piti 5 mwa apre yo fin resevwa dezyèm dòz seri prensipal vaksen Pfizer kont COVID-19 la.

Moun ki gen ant 12-17 lène ki te deja resevwa premye seri Pfizer a epi ki gen plis pase 5 mwa yo elijib pou vaksen rapèl Pfizer a sèlman. Kèk timoun iminodeprime ki gen ant 5-11 lène ka kalifye pou resevwa yon dòz anplis nan vaksen Pfizer a 28 jou apre yo fin pran dezyèm vaksen yo a.

Lopital ki nan sistèm NYC Health + Hospitals yo bay vaksen Pfizer ak J&J. Sit Sante NYC Health + Hospitals/Gotham yo bay vaksen Moderna a. Pou w ka jwenn yon lis konplè tout kote y ap bay vaksen yo, ale sou sit entènèt nou an nan: [nychealthandhospitals.com](https://nychealthandhospitals.com).